# ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ХАЛЫҚ БИЛИМЛЕНДИРИЎ МИНИСТРЛИГИНИҢ БУЙРЫҒЫ

## Улыўма орта билим бериўдиң Миллий оқыў бағдарламаларының дәслепки жойбарын тастыйықлаў ҳәм тәжирийбе сынаўдан өткериў ҳаққында

Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2020-жыл 2-марттағы ПҚ-5953-санлы Қарары менен тастыйықланған “2017-2021-жылларда Өзбекстан Республикасын раўажландырыўдың бес әҳмийетли бағдары бойынша Ҳәрекетлер стратегиясы “Илим, мәрипат ҳәм санлы экономиканы раўажландырыў жылын”да әмелге асырыўға байланыслы мәмлекетлик Бағдарлама”ның 159-бәнти, “Өзбекстанның жаңа раўажланыў дәўиринде тәлим-тәрбия ҳәм илим-пән тараўларын раўажландырыў ис-иләжлары ҳаққында” 2020-жыл -ноябрьдеги ПП-6108-санлы Пәрманы, “Тәлим-тәрбия системасын және де раўажландырыўға байланыслы қосымша ис-илажлар ҳаққында” 2020-жыл 6-ноябрьдеги ПҚ-4884-санлы қарарында белгиленген ўазыйпалардың орынланыўын тәмийинлеў мақсетинде **буйыраман:**

1. Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң 2020-жыл 9-декабрьдеги “Улыўма орта билим бериўдиң Миллий оқыў бағдарламаларының дәслепки жойбарын тастыйықлаў ҳәм тәжирийбе сынаўдан өткериў ҳаққында”ғы 298-санлы буйрығы орынлаў ушын басшылыққа алынсын.
2. Жоқарыдағы буйрық пенен:

Улыўма орта билимлендириўдиң Миллий оқыў бағдарламасының (кейинги орынларда Миллий оқыў бағдарламасы деп жүритиледи) жаратылыўы басланғанлығын ҳәм бүгинги күнге шекем дәслепки жойбары ислеп шығылғанлы;

Миллий оқыў бағдарламасының дәслепки (ўақытынша) жойбары 1-қосымшаға муўапық тастыйықланғанлығы ҳәм де усы жойбар сабақлық, муғаллим китабы, муғаллим (шынығыў) дәптери ҳәм сабақлықлардың мультимедиалы қосымшасын жаратыў ушын тийкар етип белгиленгенлиги;

Миллий оқыў бағдарламасының таяныш оқыў режеси 2-қосымшаға муўапық;

Миллий оқыў бағдарламасын тәжрийбе-сынаўдан өткериў тәртиби (кейинги орынларда тәжрийбе-сынаў тәртиби деп жүритиледи) 3-қосымшаға муўапық;

Таяныш улыўма орта билим бериў мектеплери дизими (кейинги орынларда таяныш мектеплер деп жүритиледи) 4-қосымшаға муўапық тастыйықланғанлығы;

Миллий оқыў бағдарламасы төмендеги дәўирде тәжирийбе-сынаў өткерилетуғынлығы:

I басқыш: 1-2-класларда 2020-2021-оқыў жылының 4-шерегинде;

II басқыш: 3-7-класларда 2021-2022-оқыў жылында;

III басқыш: 8-11-класларда 2022-2023-оқыў жылында өткерилетуғынлығы;

Өзбекстан Республикасы Президентиниң “Тәлим-тәрбия системасын және де раўажландырыўға байланыслы қосымша ис-илажлар ҳаққында”ғы 2020-жыл 6-ноябрдеги ПҚ-4884-санлы қарарына муўапық усы тәжирийбе-сынаў жумысларына Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң Республикалық билимлендириў орайы басшылық етиўи мағлыўмат ушын қабыл етилсин.

3. Республика оқыў методикалық орайы (Қ.Жубанов):на;

Миллий оқыў бағдарламасы усы буйрықта белгиленген мүддетте тәжирийбе-сынаў жумысларын алып барыў;